

## CHAPIT 12

Nan chapit sa a:

### Pouse: dezyèm etap tranche a

Chèche siy ki montre dezyèm etap la prèske oswa deja koumanse.....	195
Kisa ki pase nan dezyèm etap.....	196
Kijan pitit la fè pase nan vajen an.....	197
Ede manman an akouchman sennesòf.....	199
Tcheke siy nan kò manman an ak tout pitit la.....	199
Sipòte manman an pou li pouse.....	200
Chèche wè si gen move siy.....	202
Gade ak ki vitès akouchman an ap fèt.....	202
Gade wè si gen san ki ap koule pandan pouse a.....	205
Ede manman an akouchman .....	206
Ede pou ouvèti vajen an pa dechire.....	206
Si se nesèsè, netwaye bouch ak nen pitit la.....	208
Tcheke wè si kòd lonbrit la pase nan kou pitit la.....	210
Ede mete zepòl pitit la deyò.....	211
Ede mete tout kò pitit la deyò epi bay manman an pitit la.....	214
Koupe kò lonbrit la lè li vin tou blanch epi li sispann bat.....	214
Pitit la nan pozisyon chita.....	215
De pye yo tou dwat sou anwo osinon de pye yo kwaze.....	216
Pye yo bay sou devan.....	218
Akouchman marasa.....	219
Danje nan akouchman marasa .....	219
Akouchman marasa .....	220
Pitit la tou piti oswa li fèt 5 semenn anvan lè.....	221

# Pouse:

## Dezyèm etap tranche a




Dezyèm etap tranche a se lè manman an pouse pitit la deyò matris la pou li desann nan vajen an, epi pitit la fèt. Dezyèm etap la kòmanse lè kòl matris la fin louvri nèt; li fini lè pitit la soti deyò. Nòmman, dezyèm etap la ka dire kèlke minit; konsa tou li ka dire menm de (2) zèd tan.

### Chèche siy ki montre dezyèm etap la prèske oswa deja kòmanse

Pa gen danje si manman an kòmanse pouse pou pitit la soti deyò lè kòl matris la fin louvri nèt epi li santi l anvi pouse tout bon. Sèl fason pou w konnen si kòl matris la fin louvri nèt se lè w fè yon egzamen vajinal (gade paj 339). Sepandan, ou dwe sonje: egzamen vajinal ka lakòz enfeksyon. Li pi bon pou ou pa ta fè egzamen vajinal. Avèk bon jan eksperyans w, ou ap ka konnen ki lè manman an pare pou li pouse – san ou pa menm fè yon egzamen vajinal. Olye pou w fè yon egzamen vajinal, chèche wè si gen siy nou pral site la a yo. Si manman an montre youn (1) oswa de (2) nan siy sa yo, sa ka vle di li deja nan dezyèm etap la.

- Manman an tèlman anvi pouse li paka kenbe pouse a (li ka di li anvi fè pou pou). Li ka kenbe souf li, oswa ou ka tande l ap plenn lè li gen kontraksyon.
- Kontraksyon yo pa vin twò souvan. Men kontraksyon toujou vini ak fòs, e pafwa yo vini pi fò toujou.
- Tanperaman manman an chanje. Li ka vin gen dòmi nan je l oswa li ka vin pi aktif.
- Genyen yon rèl mòv ki parèt sou deyò manman an, pandan de bò deyò yo ap dekole youn ak lòt akòz tèt pitit la ap pouse soti.



- Pati deyò vajen manman an oswa twou deyò li kòmanse gonfle lè li gen kontraksyon.
- Manman an santi tèt pitit la kòmanse fè mouvman pou li desann nan vajen an.




### Pouse anvan lè

Si manman an kòmanse pouse anvan kòl matris la fin louvri nèt, pitit la pap ka soti deyò paske lè kòl matris la poko fin louvri sa ap anpeche pitit la pase. Pouse twò bonè ka fè kòl matris la anfle epi li ap sispann louvri. Sa ap fè tranche a dire pi long.

Menm si ou sèten kòl matris la gen tan fin louvri nèt, piga ou ankouraje manman an pouse toutotan li pa santi pouse a sitèlman fò li pa kapab genbe l ankò. Kòmanse pouse twò bonè ap sèlman fè manman an fatige.


Si manman an gen plis pase 30 minit depi li ap pouse san li pa fè pwogrè epi ou gen fòmasyon pou fè egzamen vajinal, ou mèt fè l kounye a. Menm si ou santi yon ti kras tou piti nan kòl matris la, fè manman an rete sou jenou ak lestomak li. Pozisyon sa a fè pitit la soti sou kòl matris la pou anfle a ka sispann, epi pou kòl matris la ka rekòmanse louvri ankò.



Ede manman an rete nan pozisyon sa a san li pa pouse omwens pandan inèdtan. Lè kòl matris la fin louvri nèt, li mèt rekòmanse pouse.

### Kisa ki pase nan dezyèm etap tranche a


Nan dezyèm etap la, lè pitit la byen wo nan vajen an, ou ka wè pati vajinal (pati prive) manman an ap gonfle lè li gen kontraksyon. Twou dèyè li ka louvri yon ti kras. Lè yon kontraksyon fin pase, pati jenital li ap fè yon bese.



Chak kout kontraksyon (epi chak fwa manman an pouse) fè pitit la desann pi ba. Lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini, matris manman an fè yon poze, epi li fè yon ti rale pitit la rantre anndan (men li pa rive menm kote li te ye anvan kontraksyon an).


Aprè yon ti moman, ou ka wè tèt pitit la ap desann nan vajen an pandan kontraksyon yo. Ti bebe a ap fè mouvman tankou yon vag lanmè: antre soti, antre soti; men chak fwa li pi pre pou li fin soti.

#### Chak kontraksyon mennen pitit la pi pre pou soti deyò



Lè tèt pitit la detire ouvèti vajan an tankou gwochè pla men w, tèt la ap rete nan ouvèti a – menm lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini. Sa rele kouwonman. Depi tèt la fin soti, òdinèman rèz kò a glise soti byen fasil apre youn (1) ou de (2) pouse.

Lè tèt la kouwone, vajan an louvri yon ti kras pi laj pase yon pla men.












## Kijan pitit la fè pase nan vajan an

Ti bebe yo chanje pozisyon lè yo ap pase nan vajan an. Foto sa yo montre yon pati sèlman nan kò manman an, pou ou ka wè kouman pitit la ap deplase anndan l.

Men sak pase andedan:

Men sa ou wè sou deyò

	<p>Dabò ti bebe a koube tèt li, manton l kole sou lestomak li. Sa fè l vin pi fasil pou tèt li antre nan pasaj manman an.</p>	
	<p>Tèt pitit la yon jan vin pi piti epi li chanje fòm pandan li ap antre nan pasaj manman an.</p>	
	<p>Pitit la vire figi l ap gade do manman l. Pitit la kòmanse leve manton l lè li rive tou pre ouvèti vajan an. Yo rele sa ekstansyon.</p>	
	<p>Pitit la leve manton l pi wo lè tèt li fin kouwone.</p>	

	<p>Pitit la kontinye ap leve manton l pandan tèt li ap soti. Sa pèmèt tèt la soti byen dous.</p>	
	<p>Pitit la kontinye ap leve manton l jiskaske tèt li fin soti. Dabò, fas pitit la toujou ap gade do manman an, pandan zepòl li vin fèt tankou yon ang.</p>	 <p>shoulders</p>
	<p>Toutswit apre, tèt pitit la vire gade janm manman an. Kounye a fas pitit la rete tou dwat avèk zepòl li.</p>	 <p>shoulders</p>
	<p>Après, tout kò pitit la vire anndan manman an. Zepòl pitit la vin byen dwat. Fas pitit la bay sou janm manman an.</p>	 <p>shoulders</p>
	<p>Rès kò pitit la glise soti byen fasil</p>	
<p><b>Note:</b> Ti bebe yo deplase konsa si yo nan pozisyon tèt anba, lè do yo vire bay vant sou manman an. Men gen anpil timoun ki pa rete nan pozisyon sa a. Yon ti bebe ki bay fas li sou vant manman an, oswa ki bay tèt anwo, deplase nan yon lòt fason. Siveye chak akouchman pou ou wè kouman chak ti bebe deplase daprè pozisyon yo ye a.</p>		

## Ede manman an akouche sennesòf

### Tcheke pou tout kalite siy nan kò manman an ak pitit la

#### Siy nan kò manman an

Nan dezyèm etap la, tcheke tansyon ak poul manman an anviwon chak 30 minit

pou ou ka wè si li bay siy eklanmsi, enfeksyon, oswa pèt san. Chak fwa ou fin tcheke, ekri kantite ou jwenn nan. Si tansyon manman an rive 140/90 oswa pi wo, li ka pral gen eklanmsi (gade paj 180). Si valè anba a pèdi plis pase 15 pwen, li ka gen pèt san (gade paj 183). Si

poul li ap bat pi vit pase 100 fwa pa minit lè yon kontraksyon fin pase (epi yon lòt pòko rive), li ka dezidrate (gade paj 159), oswa li fè enfeksyon (gade paj 179), oswa pèt san (gade paj 179).



#### Siy nan kò pitit la

Li pi difisil pou ou tande kè pitit la ap bat nan dezyèm etap la paske pitit la desann pi ba nan vant manman an.

Yon fanmsaj ki gen bon jan eksperyans ak bon ekipman ka rive tande batman kè pitit la lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt pòko rive. Kote pou ou tande l pi byen se nan anba vant manman an, tou pre ak zo basen an. Se pa yon pwoblèm si kè a bat pou pi piti 70 fwa pa minit pandan yon kontraksyon lè manman an ap pouse. Men li sipoze ogmante touswit apre kontraksyon an fin pase.



Si batman kè pitit la pa ogmante apre yon minit, osinon si li rete pi ba pase 100 fwa pa minit pou plis pase 5 minit, pitit la ka nan pwoblèm. Mande manman an pou li chanje pozisyon (li paj ki vin apresa a), epi tcheke batman kè pitit la ankò. Si li kontinye bat twò dousman, mande manman an pou li sispann pouse pandan de twa kontraksyon. Fè sèten kèmanman an pran gwo souf ki byen long pou


pitit la ka jwenn lè. Li paj 172 pou w ka wè kèk nan rezon ki ka fè kè a bat dousman. Si kè pitit la ap bat twò vit, gade paj 173.

## Sipòte manman an pou li pouse

Lè kòl matris la louvri, kò manman an ap pouse pitit la deyò. Kèk fanmsaj ak kèk doktè santi kè yo kontan lè manman an ap pouse. Yo ap rele di manman an, "Pouse! Pouse!" Sepandan, òdinèman manman yo pa bezwen anpil asistans pou yo pouse. Kò yo ap pèmèt yo pouse tou natirèlman, e lè yo jwenn bon ankourajman ak sipò, fanm yo ap jwenn fason yo santi ki pi alèz pou yo pouse pitit la deyò.


### Kite manman an chwazi pozisyon li santi ki bon pou li a

Chita a mwatye




*Se pozisyon sa a ki ka pi alèz, e pi fasil pou fanmsaj la dirije tèt pitit la deyò.*

Kouche sou kote



*Twa (3) pozisyon sa yo ka ede fè pitit la desann lè akouchman an dousman:*

Sou men ak jenou



*Pozisyon sa a bon lè manman an santi tranche a nan do. Epi tou sa ka ede lè zepòl ti bebe a kole (gade paj 211).*

Kanpe



Akoupri oswa chita sou yon zòrye



Chita sou jenou oswa akouchman sou chèz



Twa (3) pozisyon sa yo ka ede fè pitit la desann lè akouchman an dousman:

**Nòt:** Nòmalmman li pa bon pou manman an kouche plat sou do nan yon akouchman òdinè. Kouche tou plat sou do ka anpeche san sikile byen pou ale nan kò manman an ak pitit li, epi sa ka fè akouchman an ale dousman. Men si pitit la ap vini byen vit, manman mèt kouche sou do.


### Si manman an bezwen èd pou li pouse

Ti bebe a desann pi byen lè se manman an ki gen anvè pouse. Men gendelè manman an bezwen sigjesyon sou ki pozisyon ki pi alèz ak fason pou l pouse. Li ka bezwen asistans si li poko gen gwo anvè pou li pouse apre kòl matris la fin byen louvri depi plizyè èdtan – oswa si fason li ap pouse a paka fè pitit la desann. Si li sou tansyon oswa li gen kè sote, sa ka anpeche pasaj li louvri pou mete pitit la deyò. Oswa tou, li ka bezwen asistans pou li pouse lè pitit la gen pwoblèm (kè li bat twò dousman) epi akouchman an dwe fèt vit.

Men twa (3) kalite pouse ki ede trè byen:

#### Bay souf nan bouch epi pouse:

Manman an bay souf nan bouch epi li bay plizyè pouse kout ki byen fò pandan chak kontraksyon.



#### Plenn oswa gwonde epi pouse:

Manman pran youn gwo souf. Apresa li fè yon plenn/gwonde ki long tou ba epi li pouse byen fòpandan kontraksyon an.




#### Plenn oswa gwonde epi pouse:

Manman pran youn gwo souf. Apresa li fè yon plenn/gwonde ki long tou ba epi li pouse byen fòpandan kontraksyon an.



Pandan chak pouse, manman an dwe lache bouch ak janm li epi kite yo Louvri, manton l sou pwatrin li, epi dèyè li sou anba. Gendelè fanm yo pouse desann epi yo rale moute menm lè. Si yo rale

moute, sa kenbe pitit anndan olye pou li soti deyò. Lè fanm nan rale moute, li fè mwens pwogrè epi sa fè gen plis doulè nan tranche a. Ankouraje manman an pou li kenbe dèyè li sou anba epi pou li lache/louvri senti l. Epi tou li mèt eseye metòd ki rele kenbe souf la pou li pouse.





## Chapit 12: Pouse: – dezyèm etap tranche a


Si manman an sou tansyon, oswa li pa ka pouse, men lide ki kapab ede l

Mande manman an pou l chanje pozisyon.




Mete gan nan men; foure youn nan dwèt ou yo pou 2 santimèt nan vajen l epi peze desann tou dwat ale sou dèyè l.

Ask the mother to open her mouth and relax her jaw.



Mande manman an pou l louvri bouch li epi lache machwè l.



Mande manman an pou l louvri bouch li epi lache machwè l.



### Ede manman an pouse

Si manman an gen pwoblèm pou l pouse, pa rele sou li epi pa fè l menas. **Piga ou janm joure oswa bay manman an kou pou w ka fè l pouse.** Si manman an fache oswa kè l sote, sa ka fè akouchman fèt pi dousman.

Di manman an lè pati pati vajinal li kòmanse gonfle. Fè l konnen sa vle di pitit la ap desann. Lè w wè tèt la, fè manman an manyen l. Sa ka ankouraje l pouse pi byen.

Mande manman an pou l rale jenou l moute ale sou vant li.




## Chèche wè si gen move sign

### Gade ak ki vitès akouchman an ap fèt

Gade ak ki vitès chak akouchman an ap fèt. **Si akouchman ap pran twòp tan, mennen manman an nan yon sant sante.** Se youn nan bagay ki pi enpòtan yon fanmsaj ka fè pou anpeche pwoblèm grav e sa ka menm sove lavi anpil fanm.

Fanm ki ap fè premye pitit yo ka pase menm de zè (pafwa plis pase de èdtan) ak gwo kontraksyon e nan pouse anvan pitit la resi fèt. Odinèman, dezyèm pitit ak lòt apre yo pran mwens pase inèdtan nan pouse pou yo fèt. Gade pou wè ak ki vitès



tèt pitit la ap desann nan kanal manman an. Toutotan tèt pitit la kontinye ap desann (menm si se tou dousman), epi kè pitit la kontinye ap bat nòmalmman, epi manman an gen fòs, sa vle di akouchman an pa gen okenn pwoblèm. Manman an dwe kontinye pouse jiskaske tèt pitit la kouwone.

Sepandan, si manman an fè yon bann tan ap pouse san pa gen pwogrè ki fèt, sa ka bay gwo pwoblèm, tankou fistila (gade paj 273), matris chire, oswa ni manman an ni pitit la ka mouri. Si ou wè bouboun manman an pa gonfle apre li fè 30 minit ap pouse byen fò, oswa si bouboun nan fè yon ti gonfle tou piti, sa ka vle di tèt pitit la sispann desann. Si pitit la toujou rete an plas apre manman an fè inèd tan ap pouse, manman an bezwen asistans.

### **Pitit la poko fèt apre manman an fè inè a de èdtan ap pouse ak kontraksyon.**

Si ou pa wè siy ki montre tèt pitit la a desann, oswa si pitit la sable li kole, chèche wè ki sa ki lakòz pwoblèm nan. Men kèk sitiyasyon ki ka ralanti akouchman an oswa ki ka fè tèt pitit la kole:

- kè manman an ap sote
- manman an about.
- blad pipi manman an plen
- manman an bezwen chanje pozisyon
- pitit la nan yon pozisyon ki fè akouchman an vin difisil oswa enposib
- pitit la pa ka antre nan pasaj manman an.

Paj 191 by lide sou fason pou ede yon fanm ki pa ka akouche paske li gen kè soti oswa paske li about.

### **Blad pipi manman an plen**

Lè blad pipi a plen, sa ka ralanti tranche a e li ka menm kanpe tranche a. Yon fanm ki gen tranche lè blad pipi l plen ka vin soufri ap fistila oswa lòt kalite pwoblèm. Ede manman an pipi osinon, si se nesèsè, mete yon katetè pou li (gade paj 352).

### ***Manman an bezwen chanje pozisyon***

Si yon pozisyon pa ede pitit la desann, eseye yon lòt pozisyon. Souvan, pozisyon ki pi bon se akoupi. Akoupi louveri kòl matris la, epi fòs gravite a ede pitit la desann.

Eseye bay manman an yon bagay pou l kenbe. Pa egzanp, li ka kenbe yon manch pòt, epi tire l desann pandan li ap pouse.



Squatting can help bring the baby down.

### Pitit la nan yon pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou akouchman an fèt

Li paj 190 pou ou wè yon deskripsyon sou pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou pitit la fèt.

Si fas pitit la vire bay sou vant manman an, li ka pi fasil pou manman an pouse menm si li rete sou jenou l ak men l oswa li akoupi. Sa ka ede pitit la vire fas li bay sou do manman an pandan li ap desann.

Gendelè tèt pitit la rete jan l ta dwe soti a men gen yon bò ki pa nan plas li (li oblik). Lè sa a, si manman an fè ti mache, sa ka ede l; se pou li leve janm li yo youn apre lòt kòm si li t ap moute yon eskalye oswa yon pant.

Si se figi l oswa fon l ki parèt anvan, li ka difisil oswa enposib pou akouchman an fèt. Si ou panse se sak ka pwoblèm nan, chèche asistans medikal touswit. Pandan ou sou wout lopital, ede manman an sispann pouse (gade paj 207).

### Pitit la paka antre nan pasaj manman an

Si pasaj manman an tou piti, oswa si tèt pitit la gwo anpil, akouchman an ka ralanti oswa li ka kanpe. (Gwosè ranch manman an sou deyò pa pwoblèm.) Si manman an kontinye ap pouse pou plizyè èd tan san li pa fè pwogrè, matris li ka dechire, li ka fè yon fistila (gade paj 273), oswa li menm ak tout pitit la ka mouri tèlman yo about.

Si pitit la paka antre nan pasaj manman an, premye etap tranche an ka te twò long tou.

### Si pa gen pwogrè ki fèt - chèche asistans medikal

Si ou eseye plizyè metòd pou ou fè pitit la desann - byen pouse, lòt pozisyon, fè l pipi pou degonfle blad pipi l, sewòm oral, masaj chinwa, ak nenpòt lòt metòd ou konnen - malgre sa ou pa wè okenn pwogrè apre inèd tan ap byen pouse, mennen manman an nan yon sant sante. Se yon danje si ou ap rete tann plis lòt move siy toujou.

Si ou lwen ak sant sante a, pa tann plis pase inèd tan - chèche jwenn asistans medikal touswit. Gen plizyè milye fanm ki mouri chak ane paske yo pat jwenn asistans medikal atan.



Pandan w sou wout lopital la, ede manman an sispenn pou (gade paj 207). Fè li rete nan pozisyon sou lestomak ak sou jenou l (oswa nenpòt lòt pozisyon ki pèmèt ranch li rete an lè)



**ATANSYON.-** Piga ou janm peze vant manman an pou l ka akouche pi vit. Si ou peze vant li, sa ka fè manmanvant lan dekole ak matris la, oswa sa ka dechire matris la. Sa ka touye manman an oswa pitit la.

## Chèche wè si l bay san lè li ap pouse

Li nòmral pou ti kras san soti nan vajen an, sitou glè ki mele ak san, nan dezyèm etap la. Sa vle di pitit la ap deplase pou li desann. Men si se yon voum san byen frèch ki ap soti, sa ka vle di manmanvant lan dekole oswa matris la chire (gade paj 184).

### Manmanvant dekole

Si manman an bay siy ki montre manmanvant lan dekole (anpil san frèch ki ap soti toudenkou nan vajen an, si kè pitit la ap bat byen vit oswa tou dousman, si matris la anfle oswa li tou rèd, si manman an bay lòt kalite siy ki pa nòmral) ale nan yon lopital oswa nan yon sant sante touswit.

Si pitit la prèske fèt epi ou pap gen tan rive lopital, fè manman an pouse ak tout fòs li epi fè l kenbe pouse a toutotan li kapab. Mete pitit la deyò byen vit - ou ka gen kèk minit sèlman pou ou fè sa. Si sa nesesè, koupe ouvèti manman an pou l ka vin pi laj pou pitit la ka pase pi vit (gade paj 354). Si pitit la pran twòp tan pou li soti, li menm ak tout manman an ka mouri.

Prepare w! Pitit la ka bezwen pou ou ede l kòmmanse respire (gade paj 240), epi manman an ka ap senyen anpil apre akouchman an (gade paj 224). Fè yon moun pran swen pitit la pandan ou menm ou ap pran swen manman an.

### Matris dechire

Mete gan nan men; foure youn nan dwèt ou yo pou 2 santimèt nan vajen l epi peze desann tou dwat ale sou dèyè l.

Si matris manman an chire, kontraksyon yo ap sispenn epi li ka santi yon gwo doulè ki pa janm pase. Kè pitit la pral koumanse bat tout dousman epi apres li ap kanpe. Si ou kwè matris la chire, bay manman an swen pou tout kalite siy ki pa nòmral yo (gade paj 239). Chèche jwenn asistans medikal menm si ou dwe ale byen lwen.



## Ede manman an akouche

### Ede pou ouvèti vajan an pa blese

Lè tèt pitit la ap soti, li ka chire ouvèti vajan manman an.

Gen fanmsaj ki pa manyen vajan an oswa pitit la ditou pandan akouchman an. Sa a se yon bòn abitud paske lè ou manyen yo, sa ka lakòz enfeksyon, blese ak senyen. Sepandan, ou ka anpeche ouvèti a blese si ou sipòte vajan an lè pitit la ap soti.

Anpil fwa li ap blese kanmenm - menm si ou fè tout sa ou kapab pou ou anpeche sa.

#### Koupe nan mak sikonsizyon an

Gen kominote kote li nòmal pou yo sikonsi ti fi (yo rele sa sikonsizyon jenital). Sikonsizyon fanm lakòz sikatris ki konn pa ka detire ase pou bay pitit la pase.


Si manman an te sikonsi, ou ka bezwen koupe kote mak sikatris la ye a anvan tèt pitit la koumanse kouwone. Paj 367 bay plis eksplikasyon sou sikatris sikonsizyon fanm, epi kouman pou ou koupe kote nan mak sikonsizyon an ye a.

**W pa dwe koupe ouvèti vajan an pou fè pitit la soti, eksepte nan ka ijans oswa pou yon fanm ki te fè sikonsizyon vajinal.** Gade paj 354 pou ou ka aprann kouman pou ou koupe ouvèti vajan an nan yon ka ijans.

### Sipòte ouvèti vajan an

W ka sèvi ak enfòmasyon sa yo lè pitit la rete nan pozisyon ki pi fasil la - figi 1 bay sou do manman an.

1. Lave men ou byen pwòp epi mete gan ki esterilize.
2. Ak yon men, peze byen fèm sou pati kò ki separe vajan an ak two dèyè a (yo rele sa perineyòm). Men an ap kenbe manton pitit la tou pre ak pwatrin li pou tèt li ka soti byen fasil. Kouvri two dèyè l avèk yon twal oswa yon twalgaz.
3. Sèvi ak lòt men an pou ou deplase anwo tèt pitit la tou dousman pou ale sou dèyè manman an epi deyò vajan manman an.





### Sèvi ak rad ki byen cho

Lè ou mete rad cho toutotou ouvèti vajen an sa ede san mache nan kò l, pou kò l ka vin pi dous e pi detire.

1. Bouyi yon chodyè / bonm dlo pou 20 minit pou tout jèm ka mouri. Si ou gen dezenfektan (tankou yodin oswa betadin), mete enpe nan dlo a.

Si ou pa gen dezenfektan, mete yon ti sèl nan dlo a.

Kite dlo a fè yon ki frèt anvan w sèvi ak li. Dlo a dwe tou cho, men pa twò cho pou l pa boule manman an.

2. Foure twal la nan dlo a pou w mouye l. Apresa prije l.


3. Peze twal la byen dousman sou pati vajen an.

### Fè tèt pitit la soti tou dousman

Si tèt la soti byen dousman, sa ap pèmèt vajen manman an gen plis tan pou li detire san li pa blese. Pou tèt la ka soti dousman, fè manman an sispann pouse toutswit anvan tèt pitit la kouwone.


### Pou w ka ede manman an sispann pouse

Anvi pouse a kon tèlman fò, li pa toujou fasil pou manman an sispann. Li pi bon pou w avèti manman an ou pral mande l pou li sispann pouse anvan pitit la kouwone. Lè w bezwen pou manman an sispann pouse, di l pou li soufle yon souf byen fò e byen vit ak bouch li. (Li difisil pou li fè souf sa a epi pou li pouse an menm tan.) Osinon, si tèt pitit la pap soti epi manman an ka kontwole pouse a, di li pou li bay yon pouse tou piti - apresa, fè l sispann pouse epi pou l kontinye pouse gwo souf ak bouch li. Sa bay kò li tan pou li detire. Chak ti pouse ta dwe ede tèt pitit la yon(1) santimèt pou pi plis - pou ale deyò manman an. Men gwosè yon (1) santimèt



This mother should stop pushing. The baby's head is about to crown.

Aprè kote ki pi laj nan tèt la fin soti, rès tèt la ka fin soti san manman an pa menm pouse.



**ATANSYON!** Pa fè tèt la soti dousman si:

- si gen yon voum san ki soti anvan pitit la koumanse soti (gade paj 205).
- si kòd lonbrit la parèt anvan (gade paj 176).
- sè pitit la ap bat tou dousman (gade paj 172).
- w panse pitit la an danje.

Si nenpòt nan ka sa yo prezante, pitit la dwe fèt byen vit.

### Si se nesèsè, netwaye nen ak bouch pitit la

Lè tèt la fin soti, men anvan rès kò a fin parèt, ou ka bezwen netwaye bouch ak nen pitit la pou w ede l respire. Si pitit la gen kèk glè oswa dlo nan bouch li ak nan nen l, ou ka netwaye l tou dousman ak yon twal pwòp vlope nan dwèt w. Ou pa bezwen ponp (aspirant) pou sa.


Si dlo a gen koulè jòn oswa vèt, sa vle di pitit ka gen tata nan bouch ak nen l epi li ka ap respire l antre nan poumon l. Nan ka sa a ou oblije netwaye bouch pitit la avèk yon ponp (aspirant) oswa ak yon sereng (san zegwi). Ou mèt sèvi ak bagay sa yo sèlman si yo esterilize (gade paj 59 pou ou aprann kouman pou ou esterilize zouti ou yo).

Si yon ti bebe sanble li gen dlo oswa pou pou ki antre nan twou nen l, kenbe tèt li pi ba pase rès kò l, pou pou pou a ak dlo a ka koule soti. Kontinye rale yo deyò oswa netwaye bouch li jiskaske ou retire tout kantite pou pou ou ou kapab retire.

Men sonje pi fò ti bebe pa bezwen ou fè sa pou yo ditou. Sèvi ak aspiratè pou retire glè ka bay ti bebe a pwoblèm respire. Sèvi ak aspiratè a sèlman lè gen mekonyòm.

## Gade si kòd lonbrit la pa pase nan kou pitit la

Après tèt pitit la fin soti, si gen yon pòz anvan zepòl yo soti, pase men ou pou wè si kòd lonbrit la pase nan kou l.





Si kòd lonbrit la pase nan kou l san l pa sere, retire l nan kou l epi fè l pase oswa sou tèt li oswa sou zepòl li.


Si kòd lonbrit sere byen fò, oswa si l pase plizyè fwa nan kou a, eseye desere l epi fè l pase anwo tèt li.

Si ou pa ka desere kòd lonbrit la, epi si lonbrit la anpeche pitit la soti deyò, ou ka oblije kenbe l ak yon klanps epi koupe l.

Nan yon ka konsa, si ou kapab, sèvi ak emostat medikal ak sizo ki pa pwenti pou ou klanpse epi koupe kòd lonbrit la. Si ou pa gen zouti sa yo, sèvi ak fisèl ki byen pwòp ak jilèt nèf ki byen esterilize. Fè atansyon pou ou pa blese ni manman an ni kou pitit la.



medical hemostats



blunt-tipped scissors



**ATANSYON!** Si ou koupe kòd lonbrit la anvan pitit la fin soti nèt, manman an dwe pouse byen fò pou pitit la ka soti deyò vit. Depi lonbrit la fin koupe, pitit la pap ka jwenn okenn oksijèn jiskaske li kòmanse respire pou kont li.




## Mete zepòl pitit la deyò


Aprè tèt pitit la fin soti epi li vire pou li bay sou janm manman an, rete tann pwochenn kontraksyon an. Mande manman an pou li bay yon ti pouse kou l santi kontraksyon an. Souvan zepòl yo ap soti byen alèz.

Pou evite blese, ede mete zepòl yo deyò youn apre lòt.


*Si manman rete sou de men l ak de jenou l*




*Mete premye zepòl la deyò pandan ou ap deplase tèt la dousman pou ale sou dèyè manman an*



*Si manman an demi chita*



*Mete dezyèm zepòl la deyò pandan ou ap deplase tèt la dousman ale sou vant manman an.*




**ATANSYON!** Pa pliye tèt pitit la twòp. Dirije tèt - pa rale l.

### Pitit la kole nan zepòl

Gendelè, zepòl pitit la kole; li paka soti. Youn nan zepòl yo kole dèyè zo ki sou tèt vajen manman an.

Anvan sa rive, li konn bay kèk move siy. Tèt li ka te rive soti apre anpil gwo pouse, olye pou l te soti tou dousman apre li fin kouwone. Manton a ka poko fin soti. Gendelè ou ta di tèt pitit la ap rale retounen andedan manman an, tankou yon tòti ki ap rale tèt li antre nan kal li.

Gendelè, apre tèt la fin soti, li fin kole byen sere sou vajen manman an. Pitit la ka pa vire pou li bay fas li sou kwis manman an. Menm si manman an pouse fò, zepòl pitit la pap ka soti.




**Si zepòl yo pa ka soti, pitit la an danje!** Piske vajen manman an ap peze kò pitit la, sa ap ale nan tèt pitit la. Tèt pitit la ap vin tout ble, epi tou vèt. Apre kèk minit, venn nan tèt pitit la ka kòmanse eklate epi yo kòmanse senyen. Sa pral koze domaj nan sèvo. Apresa, pitit la ap mouri.

## Sa pou ou fè

Ou ka oblije fè kèk pwosedi ki pral bay manman an anpil doulè, men sa ap nesèsè pou ou ka sove lavi pitit la epi pou anpeche domaj nan sèvo l. Ou dwe aji vit.


Men 4 metòd ou ka itilize pou ou ka ede zepòl yo soti. Itilize yo youn apre lòt nan menm lòd yo ye la a.



1. Eseye pozisyon sou de men ak de jenou. Fè manman an rete sou de men ak sou de jenou. Asire w tèt manman an rete pi wo pase ranch li. Pran tèt pitit la ak de men (tankou yon boul) epi rale dousman ale sou vant manman an pandan ou ap konte rive sou 30. Lè ou wè zepòl la, rale moute epi retire pitit la nòmalman. Si sa pa mache, eseye twazyèm metòd la.

2. Eseye peze sou zo ki anwo vajen an.

Pwoche manman sou pwent kabann nan tou swit. Si li atè plat, mete yon bagay nan nivo ranch li pou leve l atè a. Ou ap bezwen espas pou tèt pitit la lè ou fin rale l desann. Ede manman an pran pye l epi pouse yo byen lwen pa dèyè. Fè kè moun ede ou kenbe pye l yo nan pozisyon sa a.




Mande youn nan moun ki ap ede ou yo oswa nenpòt lòt moun nan chanm nan pou peze byen fò kote ki pi wo zo ki anwo vajen an - se pa sou vant manman an. Moun ki ap ede ou la dwe peze desann byen fò.

Mande manman an pou li pouse ak tout fòs li. Pran tèt pitit la ak de men - tankou yon boul (pa kenbe kou pitit la) epi rale dousman pou ale bò two dèyè manman an pandan ou ap konte rive sou 30. Lè ou wè zepòl la parèt, rale tèt la moute dousman epi mete pitit la deyò nòmalman. Si sa a pa mache, eseye dezyèm metòd la.

3. Eseye pouse zepòl pitit la sou kote.


Pandan manman an toujou sou de men l ak de jenou l, ak gan ou men w, foure men nan vajen manman an - sou bò do pitit la. Mete dwèt ou sou anwo zepòl ki pi pre ak do manman an. Pouse zepòl la ale devan jiskaske l deplase ale sou kote.




Mete pitit la deyò nan fason nòmal, pandan ou ap rale l desann epi ou ap konte rive sou 30.

4. Eseye rale men pitit la soti deyò vajan an


Mete men an anndan vajan an epi anwo bò do pitit la.



Deplase men ou alantou kò pitit la, pliye ponyèt la, epi kenbe men l. Rale men an ap lèt bò lestomak pitit la epi sou deyò ouvèti vajan an. Sa a se yon metòd ki difisil.



Kounye a pitit la ka fèt fasilman.  
Pran pitit la nan kò (pa nan men)  
epi ede l soti deyò.



If none of these methods work, it is better to break the baby's collarbone to help him out than to let him die. Reach in with your finger, hook the baby's collarbone, pull up toward the baby's head, and break it. You will need to use a lot of pressure.



**ATANSYON! Pa janm rale kou pitit la, e pa janm koube kou l twò ba. Ou ka domaje nè pitit la.**

Odinèman, ti bebe ki kole andedan konn gen pwoblèm pou yo respire lè yo fin soti. Prepare w pou ou ede pitit la respire (gade paj 240).

## Deliver the baby's body and give the baby to the mother

After the shoulders are born, the rest of the body usually slides out easily. Remember that new babies are wet and slippery. Be careful not to drop the baby!

Dry the baby immediately with a clean cloth and if everything seems OK, put the baby on her mother's belly, skin to skin. This is the best way to keep the baby warm. You do not have to wait until the placenta comes out or the cord is cut. Cover the baby with a clean blanket, and make sure the baby's head is covered with the blanket or a hat.

Babies should breastfeed soon after birth. A baby may show she is ready to feed by moving her mouth or making smacking noises. Help the mother begin feeding.

After delivery, a baby should stay skin to skin with her mother for at least an hour without being separated.

## Stool in the amniotic waters (green or yellow)

If the waters were green or yellow, it means the baby passed stool in the womb. If stool gets into the baby's lungs it can damage them. You can tell if the baby is in danger of this happening by the baby's condition when he is born.

If the baby is in **good condition** you can give him directly to his mother's arms:

- strong (good muscle tone, not floppy)
- breathing or crying
- heartbeat over 100 beats per minute

If the baby **needs help**, you must suction his mouth and throat before he breathes:

- weak and floppy, like a doll
- not breathing
- heartbeat less than 100 beats per minute


The best way to suction the baby is to use a suction trap, but you can also use a bulb syringe (see the next page). Whatever you use must be sterile (see page 59 for how to sterilize tools).

### To make a suction trap

W bezwen yon ti bokal, yon bouchon ki ka byen fèmen bokal la, ak kèk tib fen ki byen mou epi ki ka netwaye san pwoblèm. Esterilize tib la anvan ou sèvi avè l.

Fè de (2) twou nan kouvèti a. Two yo pa dwe twò gwo; fè yo jis pou tib yo ka antre.

Antre youn nan tib yo nan bokal la pou l rive jis anba kouvèti a.




Antre dezyèm tib la nan bokal la pou li prèske touche anba bokal la.

### Sèvi avèk aspiratè

Premyeman mete tib ki ale nan fon bokal la nan bouch ti bebe a.


Li pa dwe ale pi fon pase 10 santimèt (4 pou) andedan gòj ti bebe a.

Souse tèt dezyèm tib la ak bouch ou pandan ou ap fè mouvman ak premye tib la sou de bò gòj pitit la. Likid ki nan bouch oswa nan nen pitit la ap desann nan bokal la men li pap ale nan bouch w. Apre ou fin netwaye bouch pitit la, netwaye nen l menm jan an.



### Pou ou sèvi ak yon sereng (san zegwi)

Esterilize sereng nan (san zegwi) anvan ou sèvi avè l. Mete sereng nan andedan bouch pitit la epi rale jiskaske w retire tout glè ki nan bouch li ak nan nen l. Apresa rale glè ki nan nen l yo. (w dwe eseye sèvi ak sereng pou ou rale dlo anvan ou sèvi avè l nan yon akouchman.)




### Koupe lonbrit la lè li vin tou blanch epi li sispann bat.

Lèplisouvan, ou pa bezwen koupe lonbrit la touswit. Lè ou poko koupe lonbrit la, sa pèmèt pitit la gen ase fè nan san l. Epi sa ap pèmèt pitit la kontinye rete byen alèz sou vant manman l.

Lè pitit la fenk fèt, kòd lonbrit la byen gonfle epi li gen koulè ble. Si w mete men ou sou li, ou ap santi li ap bat. Sa vle di oksijèn kontinye ap soti nan manman an pou ale nan pitit la.


Lè manmanvant lan dekole ak matris la, kòd lonbrit la ap vin tou fen, li pran koulè blanch epi li sispann bat. Lè sa a ou mèt koupe kòd lonbrit la. (Gen moun ki tann jiskaske manmanvant lan tonbe anvan yo koupe lonbrit la. Sa se yon bon koutim).



### Kouman pou ou koupe lonbrit la

Sèvi avèk yon fisèl ki esterilize oswa avèk yon klanps esterilize pou w ka mare oswa klanpse kòd lonbrit la a yon distans de 2 dwèt ak vant pitit la. (Pitit la gen plis pran pou li pran maladi tetanòs lè lonbrit la koupe twò long. Mare l ak yon ne kare.

Mete yon lòt fisèl esterilize oswa yon klanps yon ti jan pi wo lonbrit.



#### To tie a square knot



Right over left,  
left over right,  
makes a square knot  
secure and tight.

Koupe kòd lonbrit kote ki nan mitan fisèl la ak klanps la; koupe l avèk yon kouto, yon jilèt oswa yon sizo esterilize. (Nenpòt zouti ki byen file ka koupe lonbrit la, depi byen sèvi ak youn nan metòd ki nan paj 59 rive 67).)



Kite fisèl la oswa klanps la jiskaske chouk lonbrit la tonbe pou kont li - nòmalmàn apre kèk semèn.




**Atansyon!** Pa mete ni pousyè ni fimye sou chouk lonbrit la! Pousyè ak fimye pap pwoteje lonbrit - okontrè yo lakòz move enfeksyon. Pou ou pwoteje chouk lonbrit la lè ou kenbe l pwòp e sèch


### Pitit la nan pozisyon chita

Lè pitit la nan pozisyon chita, pye l yo ka pran twa (3) pozisyon diferan:


De pye yo toudwat sou anwo



De pye yo kwaze



De pye yo ale devan



Li pi fasil pou yon ti bebe akouche lè de pye l ale tou dwat sou anwo.

### Danje ki genyen nan akouchman ti bebe ki nan pozisyon chita


Akouchman ti bebe ki nan pozisyon chita ka fèt san danje, men souvan pozisyon sa yo lakòz gwo danje pou ti bebe a. Yo sitou grav lè se premye pitit manman an, paske pa gen moun ki konnen si basen manman an gwo ase pou pèmèt li akouche.

Danje ki pral site la a yo grav anpil pou ti bebe ki nan pozisyon chita:

- Kòd lonbrit la ka pase an travè byen fasil lè fanm nan kase lezo (gade paj 176).
- Tèt ti bebe a ka kole nan kòl matris manman an. Sa rive sitou lè kòl matris la poko fin louvri nèt, epi kò ti bebe a, ki òdinèman pi piti pase tèt li, gen tan antre nan kòl matris la.
- Tèt ti bebe a ka kole nan basen manman an apre kò l fin glise desann. Si kòd lonbrit la kole ant tèt ti bebe a ak basen manman an, ti bebe a pap jwenn lè (oksijèn) pou l respire. Sa ka lakòz li mouri oswa sèvo l ka domaje.

Si l posib, akouchman yon ti bebe ki nan pozisyon chita dwe fèt nan yon sant sante, sitou pou ti bebe ki gen de pye yo sou devan. Si sant sante a twò lwen, oswa si l pa posib pou akouchman an fèt nan yon sant sante, asire ou genyen asistans yon fanmsaj ki gen eksperyans nan akouchman ti bebe ki nan pozisyon chita.


### Akouchman ti bebe ki nan pozisyon pye sou anwo osinon pye kwaze




Pa kite manman an pouse pazavan ou sèten kòl matris la fin louvri nèt. Men m si li ta santi bezwen pou l pouse, li dwe tann de twa kontraksyon fèt anvan - pou ou ka pi asire.

Lè kòl matris fin louvri, mande manman an pou l pouse nan fason ki pi bon pou li a. Ankouraje l pou l bay bon jan pouse byen fò. Òdinèman, deyè ak vant ti bebe a ap pase san ou pa ede.


Òdinèman janm ti bebe a soti dwe soti pou kont yo. Si yo pa soti, mete dwèt ou anndan manman an, epi rale janm yo desann byen dousman. Pa rale kò ti bebe a.




Fè yon ti lache kòd lonbrit la pandan ou ap fè ti rale l Tou piti pou soti andedan vajen manman an. Jeneralman, w pa dwe manyen kòd lonbrit la twòp.



Vlope ti bebe a nan yon lèn oswa nan yon twal ki pwòp ki ka kenbe l cho. Si ti bebe a frèt, li ka eseye pran souf pandan tèt li anndan manman an; lè sa a poumon l ap vin plen ak dlo.




Chèche jwenn yon moun pou ede ou peze sou zo basen manman an (pa peze sou vant li). Sa ap ede tèt ti bebe a rete anndan, se pa pou pouse l deyò. Ak anpil prekosyon, desann kò ti bebe a anba pou anlè zèpòl li ka soti. Kenbe ti bebe a nan tay oswa pi ba.




**Pran anpil prekosyon. Si ou peze twòp sou do ti bebe a oswa sou vant li, li ka pran chòk andedan l.**


Si zèpòl ki sou anwo a pa soti, li ka nesesè pou ou mete dwèt w anndan vajen manman an pou ou ka mete ponyèt ti bebe a deyò. Eseye kenbe ponyèt la pandan ou ap chèche jwenn zèpòl la, epi mache men ou desann. Retire ponyèt la sou pwatrin li pandan ou ap rale byen dousman sou koud men l. Chèche retire zèpòl anwo a.



Leve ti bebe a anlè byen dousman; sa ap pèmèt Retire zèpòl ki sou anba a.




Kounye a ti bebe a dwe vire pou fas li bay sou dèyè manman an. Kenbe ti bebe a ak ponyèt ou epi mete yon dwèt nan bouch li. Mete lòt men an sou zèpòl yo, epi yon dwèt dèyè tèt ti bebe a pou tèt li ka rete anndan vajen manman an. Manton ti bebe a dwe rete pre ak pwatrin li pou l ka pase byen fasil nan basen manman an.





Rale ti bebe a desann jiskaske ou wè cheve dèyè tèt li.  
**Pa rale twò fò! Pa koube kou l – li ka kase!**



Kenbe tèt ti bebe a anndan, an menm tan leve kò l anlè pou figi l ka pase. Kite dèyè tèt li anndan vajen manman an.




Manman an dwe lache kò l, li dwe sispann pouse, li dwe respire (lè l bay souf ak bouch li, sa ede l sispann pouse).  
Kite tèt ti bebe a soti deyò lepli dousman posib.




**Dèyè tèt ti bebe a dwe soti deyò byen dousman.**  
Si dèyè tèt li soti twò vit, gen chans pou ti bebe a gen emoraji nan sèvo; lè sa a sèvo l ka domaje oswa li ka mouri.

### **Akouchman ti bebe ki nan pozisyon pye devan**

Lè pye yo devan, gen plis danje pase lè yo tou dwat sou anwo osinon lè yo kwaze. Lè de pye yo devan gen anpil chans pou kòd lonbrit ti bebe a pase an travè (kòd lonbrit la soti anvan ti bebe a).



Li ta pi bon pou akouchman yon ti bebe ki nan pozisyon sa a fèt nan yon sant sante. Wè si tranche a ka ale byen dousman (gade paj 207). Mete manman an nan pozisyon sou jenou l, an menm tan fè l apiye sou pwatrin li, tèt li repoze atè a, epi tay li anlè, answit chèche jwenn asistans medikal.



Si l pa posib pou ale nan yon lopital, pa kite manman an pouse toutotan ou pa sèten kòl matris la fin byen louvri (gade paj 339). Mande manman an pou l kouche – petèt gen mwens chans pou kòd lonbrit la ta pase an travè. Sèvi ak enfòmasyon ki nan paj 216 a 218 sou fason pou fè akouchman ti bebe ki nan pozisyon pye tou dwat sou anwo, oswa pye kwaze.

## Akouchman marasa


### Danje ki genyen nan akouchman marasa

Akouchman marasa ka byen pase, men yo petèt pi difisil e yo gen plis danje pase akouchman yon sèl ti bebe. Pou rezon sa yo ki pral site la a, marasa ka mouri twa (3) fwa pi vit pase lòt ti bebe:

- Anpil fwa, marasa plis rive fèt anvan lè yo; ti bebe yo fèt tou piti epi yo fèb.
- Gen plis chans pou kòd lonbrit (sitou kòd lonbrit dezyèm marasa a) pase an travè.
- Manmanvant dezyèm marasa a ka petèt kòmanse soti nan matris manman an apre premye marasa a fin fèt. Sa ka lakòz yon emoraji grav.
- Gen plis chans pou manman an pèdi anpil san apre l fin akouche. Si dezyèm marasa a pa fèt touswit apre premye a, manman an ka trape enfeksyo nan matris. Gen chans pou dezyèm marasa a fè yon enfeksyon tou.
- Youn oswa tou de ti bebe yo ka nan yon pozisyon ki difisil oswa enposib pou yo fèt.

Pou rezon sa yo, nou ankouraje pou akouchman marasa fèt nan yon sant sante. Si trajè a difisil anpil, manyen vant manman an pou ou chèche jwenn nan ki pozisyon ti bebe yo ye. Sa ap ede ou konnen ki sòt kalite pwoblèm kap tann ou pi devan nan akouchman an.

*Lè tou de ti bebe yo kouche sou kote, yo pap ka pase nan vajen manman an. Se yon gwo danje si yon akouchman konsa ta fèt lakay.*



*Lè youn nan tèt yo deja anba, akouchman an ka fèt lakay san twòp danje. Si ti bebe ki tèt anba a fèt anvan. Li posib pou lòt ti bebe a vire.*




*Li menm pi bon si yon ti bebe ta tèt anlè, epi lòt la tèt anba.*

*Men, menm danje ki genyen pou yon ti bebe ki nan pozisyon chiita, se menm danje sa a ki genyen pou yon marasa ki nan menm pozisyon sa a.*



*Li pi bon si tèt tou de ti bebe yo anba – men li kanmenm pi danjere pase akouchman yon sèl ti bebe.*



### Akouchman marasa

Si ou fè akouchman marasa lakay, pou pi piti mete ansanm avè de (2) fanmsaj ki gen bon jan eksperyans pou yo ka ede ou nan akouchman sa a.

1. Fè akouchman premye ti bebe a tankou si se te yon sèl pitit ki nan vant manman an.
2. Koupe kòd lonbrit premye ti bebe a, epi mare byen sere pwent rès kòd lonbrit ki soti deyò nan vajen manman an. Kèk fwa, menm manmanvant lan sèvi pou tou de ti bebe yo. Sa ka lakòz dezyèm ti bebe a ap bay san anndan kòd lonbrit premye a.
3. Apre premye ti bebe a fin fèt, chèche jwenn nan ki pozisyon dezyèm ti bebe a ye. Si li kouche sou kote, kontinye li enfòmasyon ki pi ba a.
4. Dezyèm ti bebe a dwe fèt nan 15 a 20 minit. Fè akouchman an menm jan tankou ou ta fè pou nenpòt lòt ti bebe.



### Men pwoblèm ki ka rive nan akouchman marasa

Apre akouchman premye pitit la, fanm nan fè de (2) èdtan san kontraksyon



Mande manman an pou l kòmanse bay premye ti bebe a tete, sa ap pèmèt tranche a rekòmanse. Si ti bebe a pa pran tete, bay manman an yon masaj nan pwent tete l tankou si ou t ap prije lèt la ak men ou (gade paj 285). Si tèt dezyèm ti bebe anba osinon si li nan pozisyon chita, eseye pete sak dlo a (fè l kase lezo). Men pa fè l kase lezo si ti bebe a kouche sou kote.

Si metòd sa yo pa chofe tranche a, chèche jwenn asistans medikal lepli vit posib. **Pa bay manman an medikaman ki pou fè tranche a rekòmanse.**



Si dezyèm ti bebe a pa fèt nan 2 èdtan, petèt manmanvant lan ka kòmanse soti nan matris la, kòl matris la ka kòmanse fèmen, osinon dezyèm ti bebe a ak matris manman an ka trape yon enfeksyon.

### Dezyèm ti bebe a sou kote


Si sant sante a tou pre, ale kounye a. Si l twò lwen, epi ou ka gen eksperyans nan zafè vire ti bebe, eseye mwayen ki pral site la yo:



1. Eseye vire tèt ti bebe a anba (gade paj 369).

2. Si ou pa ka vire ti bebe a nan pozisyon tèt anba, eseye vire dèyè l sou anba.

3. Si ou pa ka vire ti bebe a nan youn nan pozisyon sa yo, ale nan yon sant sante. Se yon operasyon sezaryèn ki ap ka ede ti bebe a fèt.



Manman an ap pèdi san anvan li akouch dezyèm marasa a (oswa premye manmanvant lan soti anvan dezyèm marasa a fèt)

Pètidesan apre akouchman premye marasa a epi anvan akouchman dezyèm nan ka vle di manmanvant te dekole byen bonè (gade paj 184).

**Degaje ou pou akouch dezyèm ti bebe a lepli vit posibil.**

Jwe ak pwent tete yo, pete sak dlo a (fè l kase lezo), epi mande manman an pou l pouse byen fò.

## Ti bebe a tou piti oswa li fèt plis pase 5 semèn anvan lè


Ti bebe ki fèt anvan lè oswa ki fèt twò piti ka gen pwoblèm tankou sa ki site la yo:

- Pozisyon ki difisil oswa ki enposib pou akouchman an fèt (pa egzanp pozisyon sou kote).
- Zo tèt ti bebe a tou mou, sa vle di li la ka pran chòk byen fasil pandan l ap fèt.
- Difikilte pou kò l rete cho apre l fin fèt.
- Difikilte pou respire ak pran tete

Pou rezon sa yo, li ta pi bon se nan yon sant sante pou yo fè akouchman ti bebe ki twò piti oswa ki fèt anvan lè. Si yo fèt lakay, li enpòtan pou ou chèche jwenn asistans medikal byen vit .

Si ou oblije fè akouchman lakay pou yon ti bebe ki twò piti oswa ki fèt anvan lè, prepare ou pou sa ak anpil prekosyon:

Mete sou plas anpil lèn ki kenbe cho pou vlope ti bebe a touswit apre l fin fèt. Siye kò ti bebe a epi mete yon kouchèt sou li sèlman. Mete l kò ak kò sou pwatrin manman an epi kouvri tou de ak plizyè lèn. Sonje, ti bebe rete pi cho lè l sou vant manman l. Ou ka fè menm jan lè yon ti bebe pou yon ti bebe ki fèt sou wout pandan ou prale nan sant sante.



Si ou gen yon boutèy dlo cho, ou ka sèvi ak li pou chofe ti bebe a. Men ou dwe toujou vlope boutèy dlo cho a nan twal; byen vlope ti bebe a tou. Pa janm mete yon boutèy dlo cho (san double) bò kote yon ti bebe.

Gade paj 256 pou enfòmasyon sou bon jan swen pou ti bebe ki fèt twò piti oswa anvan lè.